# QARAQALPAQ TILINDE "OT" KONCEPTI HÁM ONIŃ LINGVOKULTUROLOGIYALIQ ANALIZI

**Tursımuratova Rano**
**Xojeli rayonı 35-sanlı mektep qaraqalpaq tili pani muǵallimi**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.17347126**

Ot áyyemgi obshinalıq dáwirlerden beri adamlardıń dıqqat orayında bolǵan. Dáslep ot payda bolǵanda onnan adamlar qorıqqan. Soń ottı ózlerine dos bilip, ottan ózlerin qorǵaw ushın paydalanǵan. Búgingi kúnde de ot muqaddes, ullı nárse esaplanadı.

Qaraqalpaq xalqı ottı kiyeli dep esaplaǵan. Sonlıqtan da xalıq arasında ot benen baylanıslı túrli dástúrler bar.

Ot koncepti de xalıq turmısında keń qollanılıp, erte dáwirlerden-aq qádirli zat sıpatında qaralǵan. Avesto esteliginde ot muqaddes sanalıp, adamlar oǵan sıyınǵan. Úyge taza kelin túskende kirer esikte onı ottan atlatıw, jaqında tuwılǵan balanıń besigin otta atlatıw dástúri de, hártúrli bálelerden, shaytannan awlaq bolıw maqsetinde qollanılǵan. Bunday dástúrler házirgi kúnge shekem saqlanıp qalǵan.

Tilimizde "ot" arxetipi tiykarında somatik frazeologizmler qáliplesken.

Zardushtiylik táliymatında ot muqaddes sanaladı, suw bolsa pákizelik tımsalı. Olardıń hár ekewi de ómir deregi. "Pákize suw hám janıp turǵan ot qarsısında ádepsizlik qılǵan adamnıń dozaqta tartıwshı jazası bul dúnyanıń barlıq azap-aqiretlerinen awır". Áne usı tárizde suw hám ot ruwx pákizeligi, sezim pákligi, kewil gozzallıǵı hám arzıw-úmitleriniń umıtılmas dárejesine kóteriledi. Nátiyjede insan jámiyeti manawiy kórinisi, adamlardıń ishki dúnyası, pikir-oyları hám ámeliy háreketleriniń mádeniylesiwine alıp keletuǵın qudiretli ideologiyaǵa aylandı. Insan, jámiyet hám jasaw dáwiriniń teńsiz rawajlanıwına tiykar bolıp xizmet etti [1, 7-8].

Fozila Sulaymanova tómendegishe pikirge keledi: "Fales barlıqtıń tiykarı suw, Anaksimandr hawa dese, Geraklittiń pikirinshe, hámme nárseniń tiykarı ot. Zardushtiylik táliymatında bolsa Ahura Mazda Amesha-Spenta-altı adamlıq qudaylar-altı barlıqtı ottan payda etken, ot olarǵa tirishilik hám ıssılıq beredi, delinedi. Geraklittiń pikirinshe, ot jerden shıqqan hám onı ózgertip jibergen. Ot kosmostaǵı dúnyalar arasındaǵı baylanıstı támiyinleydi. Hawa, suw, jer ottan payda boladı hám belgili bir waqıttan soń hámmesi jáne otqa aylanadı...." [1, 10]

"Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózligi"nde ot sózine tómendegishe sıpatlama beriledi: ***ot*** sózi atlıq. 1. Joqarı ıssılıqta janıp, nur hám jalın shıǵarıp turatuǵın zat. 2. Awıspalı. Dárt, qayǵı. Ishte janǵan meniń otım, Qashan endi ósher endi (Ájiniyaz). Doynaǵınan shıqqan ot, zámberektey atıldı ("Alpamıs"). *Ot atıw* – oq jawdırıw, atıw. Ot attı xan, oǵın qarday boratttı. Mıń-mıńlardı jıngıl kibi qıyrattı ("Ádeb. alm."). *Júrek otı* – jiger, yosh, ǵayrat, hújdan. Júreginde otı joq adamǵa biziń aramızda islew qattı qıyın. ("Jas Lelinshi") [2, 38].

Xalqımızda «Janǵan otıń óshpesin» degen tilek bildiriledi. Ólgen adamńnıń jayına 40 kúnge shekem shıra jaǵıp qoyıladı. Bugingi kúnde de sawashlarda Watan ushın jan bergen insanlar húrmetine máńgi ot jaǵıp qoyadı.

Mármer tas astınan atlıǵıp onda,
**Máńgi sónbeytuǵın ot lawlap** janar (I.Yusupov Kiev oktavalarí ).

I.Yusupovtıń «Tumaris» poemasında ot benen baylanıslı dástúrdiń pútin bir kórinisi menen tanısamız. Shayır otqa sıyınılǵan dáwirdiń pútin bir kartinasın kóz aldımızda sáwlelendiredi.

Patsha hayal soń-soń barıp,

Boyın biyley basladı ol.
**Altın árebegin alıp,**
**Átashtanǵa tasladı ol.**
Úy tolı jurt - kátqudalar,
Sárkardalar órre turdı.

Dástannan alınǵan úzindiden ol dáwirlerde ot qudayına sıyınıw,oǵan qurbanlıq ataw,onnan járdem soraw dástúri bolǵanlıǵı seziledi. Tumarisa ot aldında ant ishedi,hárqanday jaǵdayda da niyetinen qaytpaytuǵınlıǵın ańlatatuǵın márásimdi orınlaydı.

Dep ay júzli arıw patsham,
**Jalańashlap oń siynesin,**
**Bir shalanı alıp ottan,**
**Kúydirdi ol aq mámmesin.**

**Ot penen alaslaw dástúri**

Qaraqalpaq xalqında bul dástúr júdá keń qollanıladı. Úy tazalansın, kóz tilden aman bolsın dep úy ishine ot jaǵıp, ádiraspan tútetip shıǵadı. Jas balanı besikke salarda besikti ot benen alaslaydı, dastıǵınıń astına shırpı qoyadı. Awırǵan adamlardı da ottan atlatıp emlew jaǵdaları ushırasadı. Sonlıqtan "ot" koncepti til biliminde ózine tán lingvokulturologiyalıq ayrıqsha áhmiyetke iye.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Авесто (Тарихий-адабий ёдгорлик). Ғафур Ғулом номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи. Тошкент-2015.
2. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги IV том. Нөкис, "Қарақалпақстан". 1992..